

**PANGARIBAWANE MEDIA FLASH TUMRAP KATRAMPILAN NULIS LAYANG PRIBADI  
SISWA KLAS VIII SMP NEGERI 3 SIDOARJO TAUN PIWULANGAN 2015/2016**

**Zumrotul Syafriany**

Jurusan S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Niesyafriany@gmail.com

**Dr. Murdiyanto, M. Hum**

Dosen Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

**Abstrak**

Basa minangka piranti kanggo sesrawungan. Kanthi basa manungsa bisa ngandharake apa kang dadi kekarepane. Salah siji katrampilan basa kang diwulangake ing SMP klas VIII yaiku katrampilan tulis, kanthi kompetensi inti “ngerteni, ngolah, ngandharake, lan njlentrehake sajrone ranah konkrit”, lan kanthi kompetensi dhasar “ngerteni struktur teks, unsur basa sajrone nulis layang pribadi.” Saben proses pamulangan kang mligine pamulangan basa Jawa, saben siswane nduweni prakara anggane nampa pamulangan kang diwulangake. Kayadene pamulangan nulis kanthi materi layang pribadi. Prakara iku bisa disebabake saka panganggone tandha wacan, panganggone tembung kang trep, lan undha-usuke basa. Adhedhasar prakara kasebut panliten menahi inovasi arupa medhia. Medhia kang diwenehake yaiku *media flash*. Uderan panliten iki, yaiku: (1) kepriye asil pasinaon nulis layang pribadi siswa tanpa nggunakake *media flash*, (2) kepriye asil pasinaon nulis layang pribadi kanthi nggunakake *media flash* (3) kepriye pangaribawane *media flash* tumrap katrampilan nulis layang pribadi (4) kepriye asil *respon* angket siswa klas eksperimen kang nggunakake *media flash*.

Konsep sajrone panliten iki yaiku *media flash*, nulis, lan layang pribadi. *Media flash* minangka sawijine perangkat lunak komputer, prodhuk unggulan saka *Adobe system* kanthi menahi sajian *animasi* kang narik kawigaten lan luwih *praktis*. Metodhe kang digunakake sajrone panliten iki yaiku *Quasi Exsperemental* kanthi modhel *nonequivalen control group*. Klas kang digunakake yaiku klas VIIIC minangka klas eksperimen lan klas VIIIG minangka klas kontrol. Teknik kang dienggo arupa tes lan angket. Instrumen kang digunakake yaiku RPP, lembar soal, lan lembar angket. Dene kanggo analisis dhata nggunakake uji *t-signifikansi*.

Adhedhasar dhata ing pratelan asile panliten, bisa didudut yen ora ana pambada kang *signifikan* antarane asil *pre-test* lan *post-test* ing klas kontrol, kabukti saka asil panliten 1 lan panliten 2 yaiku 1,5398 lan 1,4724 saka  $t_{tabel}$  1,695. Dene asil piwulangan ing klas eksperimen nuwuhake asil kang *signifikan* yaiku 6,6090 lan 6,2016 saka  $t_{tabel}$  1,6923. Asil *t-tes signifikan* panliten 1 nuduhake asil 1,7827 lan nuduhake asil 3,288 ing panliten 2 saka  $t_{tabel}$  1,6698, ateges ana pambada kang *signifikan* antarane klas kontrol lan klas eksperimen kang nggunakake *media flash*. Saengga, bisa ditegesi yen  $H_0$  ditolak lan  $H_1$  ditampa.

**Tembung wigati:** *media flash*, nulis, katrampilan, lan layang pribadi

**PURWAKA**

**Lelandhesan Panliten**

Basa minangka piranti kanggo sesrawungan. Kanthi basa manungsa bisa ngandharake apa kang dadi kekarepane ing antarane, rasa pangrasa kayata susah, bungah, lan sapanunggalé. Semono uga, ing babagan basa kang diucapake bisa ngemu surasa solah bawa sawijine pribadi. Kanthi basa kang diucapake saka lambe utawa solah bawane, panutur lan mitra tutur bisa ngerteni apa kang dikarepake. Miturut Basir (2002:19) basa yaiku piranti utama kanggo guneman

ing masyarakat. Tegese basa iku wigati banget kanggo guneman marang wong liya. Sajrone ngandharake basa uga mbutuhake katrampilan.

Salah sawijine wujud katrampilan yaiku katrampilan basa. Katrampilan basa miturut Nida lan Harris (sajrone Tarigan, 2008:1) bisa diperang dadi patang komponen antarane: katrampilan nyemak (*listening skill*), katrampilan wicara (*speaking skill*), lan katrampilan maca (*reading skill*), katrampilan nulis (*writing skill*). Katrampilan basa sejatine nduweni sesambungan, jalaran katrampilan basa siji lan katrampilan basa liyane nduweni pangaribawa kang ora bisa dipisahake. Saengga bisa diarani yen

katrampilan basa minangka wujud nyawijine katrampilan basa.

Wujud katrampilan basa kang bakal diandharake yaiku nulis. Katrampilan nulis miturut Morsey sajrone Tarigan (2008:4), yaiku sawijine samubarang kang gunane kanggo nglaporake, menahi weruh, lan menahi pangaribawa. Pamaca bisa ngerteni maksud lan tujuwane panulis yen tulisan iku mau diandharake lan kasusun kanthi becik sarta cetha. Wujud cethane panulisan gumantung pamikiran, organisasi, pamilihane tembung, lan struktur ukara kang dianggo.

Katrampilan nulis kudune bisa dikuwasani dening saben manungsa, mligine para mudha utawa siswa supaya luwih trampil. Salah siji katrampilan basa kang diwulangake ing SMP klas VIII yaiku katrampilan tulis, kanthi kompetensi inti “ngerteni, ngolah, ngandharake, lan njlentrehake sajrone ranah konkrit, lan ranah abstrak salaras karo kang disinaoni ing sekolah, lan sumber liya kang padha sajrone sudut pandang utawa teorine” lan kanthi kompetensi dhasar “ngerteni struktur teks, unsur basa sajrone nulis layang pribadi”. Layang pribadi kang dianggo yaiku adhedhasar jinis undha-usuke basa arupa krama lan ngoko. Mula saka iku, panliti bakal ngrembug katrampilan nulis layang pribadi siswa SMP Negeri 3 Sidoarjo, mligine klas VIII.

Saben proses pamulangan yaiku mligine pamulangan basa Jawa, saben siswa nduweni prakara dhewe-dhewe anggone nampa pamulangan kang diwulangake. Semono uga observasi kang nate ditindakake ing SMP Negeri 3 Sidoarjo, siswa nduweni prakara anggone nampa pamulangan nulis. Prakara iku bisa disebabake saka panganggone tandha wacan, panganggone tembung kang trep, lan undha-usuke basa.

Peran guru ora bisa uwal saka katrampilan nulis para siswa. Mula saka iku, guru kudu bisa menahi metodhe utawa medhia anyar kang bisa narik kawigaten para siswa sajrone proses pamulangan ing klas. Medhia yaiku perangan saka sumber pasinaonan kang ngandhut materi pamulangan ing wewengkon siswa kang bisa mancing siswa supaya sinau (Arsyad, 2011:4). Medhia kang anyar dibutuhake banget sajrone proses pamulangan, apa maneh ing jaman modheren lan kebak tehnologi kaya saiki. Medhia anyar kasebut nduweni tujuwan supaya para siswa bisa luwih gampang anggone nampa pamulangan lan ngerteni kanthi tenanan apa wae kang diwulangake. Medhia kang biyasa-biyasa wae ora bisa narik kawigaten siswa, nanging malah bisa nyebabake para siswa rumangsa ora bisa lan ngantug.

Medhia anyar kang dipilih kanggo panliten iki yaiku medhia awujud *media flash*. *Media flash* minangka salah sawijine perangkat lunak komputer, prodhuk unggulan saka *Adobe system*. *Flash* mujudake salah sawijine program *vector* kang kerep digunakake ing jaman saiki. *Flash* bisa menahi sajian *animasi* kang narik kawigaten kanthi ukuran film kang lumrahe cilik, saengga bisa diarani luwih *praktis*.

Saperangan sekolah ing Jawa Timur wis nggunakake Kurikulum 2013 utawa luwih kerep sinebut K-13, mligine para siswa klas VIII. Kurikulum 2013 yaiku kurikulum kang luwih nengenake kaprigelan para siswa sajrone proses pamulangan. Para siswa kudu bisa nggoleki jawabane dhewe, mecahake prakarane dhewe sajrone proses pamulangan. Dadi sajrone kurikulum 2013, para siswa dituntut supaya bisa luwih mandhiri. Peran guru sajrone K-13 yaiku mung dadi panggon takon, panunjuk dalan kanggo siswa bisa ngerteni kanthi tenanan pamulangan kang diwulangake. Mula saka iku, *media flash* diajab bisa menahi sumbangsih kang becik yaiku para siswa bisa luwih seneng lan luwih nggatekake sajrone proses pamulangan.

Adhedhasar andharan kasebut panliten iki bakal nggoleki pambada antarane proses pamulangan nulis layang pribadi nggunakake *media flash* lan proses pamulangan tanpa nggunakake *media flash*. Bedane bakal digoleki saka bijine asile pamulangan nulis layang pribadi, banjur bakal nggoleki t-tes signifikasi. Mula panliten iki bakal nggunakake *Quasi Eksperimental Design* kanthi dhesain *Nonequivalen Control Group Design*. Panliten iki diajab bisa aweh pangaribawa kang signifikasn tumrap katrampilan nulis layang pribadi para siswa klas VIII. Mula saka kuwi panliten iki njupuk irah-irahan “Pangaribawane *Media Flash* Tumrap Katrampilan Nulis Layang Pribadi Siswa Klas VIII SMP Negeri 3 Sidoarjo Taun Piwulangan 2015/2016”.

### **Underane Panliten**

Adhedhasar lelandhesan panliten kang wis diandharake bisa diweruhi yen panliten iki bakal ngandharake pangaribawane *media flash* tumrap katrampilan nulis layang siswa klas VIII SMP Negeri 3 Sidoarjo. Mula bisa didudut underane panliten yaiku:

- (1) Kepriye asil pasinaon nulis layang pribadi siswa tanpa nggunakake *media flash* siswa klas VIII SMP Negeri 3 Sidoarjo?

- (2) Kepriye asil pasinaon nulis layang pribadi kanthi nggunakake *media flash* siswa klas VIII SMP Negeri 3 Sidoarjo?
- (3) Kepriye pangaribawane *media flash* tumrap katrampilan nulis layang pribadi siswa klas VIII SMP Negeri 3 Sidoarjo?
- (4) Kepriye asil *respon* angket siswa klas eksperimen kang nggunakake *media flash*?

### Tujuan Panliten

Adhedhasar underane panlitening ndhuwur, bisa di weruhi tujuwane panliten iki kaya ing ngisor iki:

- (1) Ngandharake asil pasinaon nulis layang pribadi siswa tanpa nggunakake *media flash* siswa klas VIII SMP Negeri 3 Sidoarjo.
- (2) Ngandharake asil pasinaon nulis layang pribadi kanthi nggunakake *media flash* siswa klas VIII SMP Negeri 3 Sidoarjo.
- (3) Ngandharake pangaribawane *media flash* tumrap katrampilan nulis layang pribadi siswa klas VIII SMP Negeri 3 Sidoarjo.
- (4) Ngandharake asil *respon* angket siswa klas eksperimen kang nggunakake *media flash*.

### Hipotesis Panliten

H<sub>0</sub>: *media flash* ora nduweni pangaribawa kang signifikan tumrap katrampilan nulis layang pribadi klas VIII ing SMP Negeri 3 Sidoarjo taun piwulangan 2015/2016.

H<sub>a</sub>: *media flash* nduweni pangaribawa kang signifikan tumrap katrampilan nulis layang pribadi klas VIII ing SMP Negeri 3 Sidoarjo taun piwulangan 2015/2016.

### Paedahe Panliten

Panliten iki nduweni paedah kanggo menahi sumbangsih kawruh ing babagan pedhidhikan, mligine pamulangan ing basa Jawa. Paedahe kaya ing ngisor iki:

- (1) Kanggo Guru

Panliten iki bisa menahi kawruh ngenani pangaribawane *media flash* tumrap katrampilan nulis layang pribadi. Saliyane iku uga bisa panganggone medhia iki menahi ide utawa conto kanggo nggawe panliten-panliten utawa cara-cara kanggo ngundhakake asil pasinaon siswa sanjare.

- (2) Kanggo Siswa

Kanggo siswa, *media flash* bisa mbantu siswa nampa pamulangan kang diwenehake. Medhia kang digunakake kanggo mbantu proses pamulangan durung tau digunakake ing siswa SMP Negeri 3 Sidoarjo, saengga panggunane *media flash* diajab bisa narik kawigaten siswa lan bisa ndadekake pamulangan luwih nyenengake.

- (3) Kanggo Sekolah

Kanggo sekolah, *media flash* iki bisa menahi sumbangsih kang becik. Salah sawijine yaiku ngurangi perkara para siswa anggone nampa materi pamulangan mligine layang pribadi, sarta menahi ide utawa gagasan supaya guru bisa luwih kreatif lan inovatif sajrone pamulangan ing klas.

### Wewatesane Tembung

- (1) *Media flash*

*Media flash* yaiku salah siji *perangkat* komputer kang wujud produk unggulan saka *Adobe system* (Dhanta, 2007:10).

- (2) Nulis

Nulis minangka sawijine kagiyatan komunikasi arupa menahi pesen (informasi) kanthi cara katulis marang liyan kang nggunakake tulisan minangka sarana utawa medhia. Pakaryan nulis kewujud saka patang unsur, yaiku panulis minangka wong kang ngandharake pesen, isi tulisan, sarana utawa medhia, lan pamaca (Dalman, 2014:3).

- (3) Layang Pribadi

Layang pribadi yaiku layang kang digawe dening sawijine *individu* kang isine ngenani kaperluan pribadi. Layang pribadi ora nduweni paugeran kang trep lan isine gumantung panulise. Layang pribadi isine ngenani pengalaman, carita, pawarta, pangudarane *individu* kang

ditujokake marang sanak kadang, kanca, wong tuwa, lan sapanungale.

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### Panliten Saemper

Carina Afifatu Chusna (2012) kanthi judhul *Pangaribawane Metode Mind Map Tumrap Kawasisan Nulis Ringkesan Crita Fiksi Siswa Kelas VI SMP Negeri 2 Madiun Taun Ajaran 2011/2012*. Panliten kasebut nduweni tujuwan ngandharake pangaribawane medhia *mind map* tumrap asil pasinaon kawasisan nulis ringkesan crita fiksi siswa. Katon saka asil  $t_{hitung} = 1,86 > t_{tabel (0,05db = 54)} = 1,671$ . Dene ing panliten 2  $t_{hitung} = 2,37 > t_{tabel (0,05db = 54)} = 1,671$ . Mula bisa didudut yen  $H_0$  ditampik lan  $H_1$  ditampa.

Panliten kang arep ditindakake dening panliti yaiku panliten klas ngenani katrampilan nulis, mligine nulis layang pribadi. Panliten kang ditindakake nggunakake *media flash* kang wis dipraktekake dening Ulfa Rahmawati ing SMP Muhammadiyah 4 Surabaya taun 2012. Adhedhasar asil validasi ahli medhia diantuk biji rerata 88 kanggo aspek komponen perangkat lunak lan biji rerata 87,33 saka aspek komunikasi visual. Ahli materi menehi biji rerata 93 saka aspek komponen lan biji rerata 92 saka aspek pendefinisiane medhia. Banjur medhia kasebut dienggo dening panliti ing SMP Negeri 3 Sidoarjo ing taun piwulangan 2015/2016.

### Media Flash

*Media flash* minangka salah sawijine perangkat lunak komputer, prodhuk unggulan saka *Adobe system*. *Flash* mujudake salah sawijine program *vector* kang kerep digunakake ing jaman saiki. *Flash* bisa menehi sajian *animasi* kang narik kawigaten kanthi ukuran film kang lumrahe cilik, saengga bisa diarani luwih *praktis*. Medhia *flash* lair saka Jonathan Gay kang seneng nggawe dolanan (*game*) lan nggawe aplikasi ing komputer, yaiku kanthi alamat [www.masterweb.id](http://www.masterweb.id). *Media flash* digunakake kanggo nggawe gambar *vector* lan animasi gambar. *Flash* dikembangake saka salah sawijine aplikasi *SmartSketch*. Program iki gampang dioprakake, uga nyengkuyung anggone nyisipake unsur *multimedia*, kayata nggawe *animasi* kanthi langsung, *sound*, *video*, lan *still image*.

Dhanta (2007:10) ngandharake menawa *Adobe Flash* minangka program kang dirancang kanggo nggawe *animasi*, kaca web, presentasi kanggo tujuwan

bisnis, lan kanggo proses pasinaon, uga bisa dianggo nggawe dolanan (*game*) *interaktif*, lan kanggo tujuwan liya kang *spesifik*. Kanggo tujuwan kasebut, *flash* uga jangkep karo piranti-piranti kanggo nggawe gambar, banjur digawe *animasi*. Sawise iku nyusun *animasi*, nggabungake *animasi*, lan nggabung adegan *animasi* kasebut nganti dadi film. Langkah kang pungkasa yaiku nerbitake karya kasebut menyang medhia kang dikepengini.

Dhanta (2007:12) ngandharake menawa ana enem kaluwihan saka medhia *flash*, yaiku:

- (1) *Flash* ngasilake file kang cilik saengga gampang diakses ing halaman *slide* presentasi tanpa kudu nggunakake wektu (*loading*) kang dawa. Tuladhane, presentasi nggunakake *flash* luwih cepet *loading* tinimbang program liyane, amarga kapasitas file entheng utawa cilik.
- (2) Bisa nggawe *animasi* saka obyek gambar, saengga kaya-kaya gambar-gambar iku obah ing saben *slide*. Tuladhane, menehi tambahan gambar supaya *slide* luwih narik kawigaten.
- (3) *Flash* bisa digunakake minangka sarana kanggo nggawe film *interaktif*. Tuladhane, nggawe film kanthi efek-efek tartamtu (tulisan kang bisa mlaku).
- (4) *Flash* nduweni saperangan *tool* (piranti) kanggo modifikasi warna obyek gambar kang manipulasi obyek gambar.
- (5) *Flash* nduweni efek *animasi*, yaiku *animasi* kang nggunakake *Layer Masking*.
- (6) Saliyane kanggo presentasi, *flash* uga bisa digunakake kanggo nyusun *slide show* utawa pangandharan kanggo presentasi, *flash* nduweni maneka kaluwihan dibandhingake *animasi* saka *power point*. Tuladhane, tulisan bisa nduweni loro utawa luwih kanthi sambung-sinambung. Saben *slide animasi* utawa tulisan bisa mlaku dhewe tanpa nggunakake pangaturan kang wis ditemtokake.

Kaluwihan medhia *flash* minangka medhia kang arabe marang program *animasi*, yaiku bisa ngandharake gambar kang luwih *mumpunilan* ora mbutuhake pitulungane siswa sajrone nggunakake. Praktise medhia *flash* bisa nglancarake sarana pasinaon tanpa mbutuhake wektu kang suwi kanggo digunakake ing kelas. Medhia *flash* lengkap karo alat-alat saka *macro media system* saengga medhia iki luwih modheren tinimbang medhia liyane, tuladhane *power point*.

Kaluwihane medhia *flash* yaiku luwih ngajokake ing tampilan *animasi* kang bisa narik kawigatene siswa sajrone pasinaon.

### Katrampilan Nulis

Miturut Suparno & Yunus (2008:1.3) nulis yaiku sawijine kagiyatan medharake pesen (komunikasi) kanthi cara basa tulis minangka piranti utawa medhiane. Dene miturut Dalman (2014:3) nulis yaiku sawijine kagiyatan komunikasi arupa medharake pesen (informasi) kanthi cara tinulis marang liyan lan nggunakake basa tulis minangka piranti pambantu. Kagiyatan nulis nglibatkake maneka unsur, antarane panulis minangka menehi pesen, isi tulisan, medhia, lan pamaca.

Adhedhasar panemu para ahli ing ndhuwur bisa ditegesi yen nulis minangka sawijine kagiyatan medharake gagasan utawa idhe lumantar tulisan kang kasusun kanthi sistematis miturut panemu, kawruh, lan pengalamane kang diduweni kanthi gamblang.

### Tujuwan Nulis

Sawijine tulisan nduweni tujuwan miturut Hugo & Hartig (sajrone Tarigan, 2008:25) bisa diperang dadi pitu, antarane: 1) Tujuwan nugaskake; 2) Tujuwan altruistik; 3) Tujuwan persuasif; 4) Tujuwan informasional utawa nyethakake; 5) Tujuwan ngandharakedhiri; 6) Tujuwan *kreatif*; lan 7) Tujuwan mungkasi prakara.

### Paedah Nulis

Miturut Suparno & Yunus (2008:1.4) nulis nduweni maneka paedah kang bisa diantuk, antarane: 1) Ningkatkake katrampilan; 2) Ngembakake daya inisiatip lan *kekratifitas*; 3) Nuwuhake kewanen; lan 4) Nyengkuyung pepinginan lan katrampilan ngumpulake informasi.

### Layang Pribadi

Layang utawa kertas kang katulis (KBBI, 2005:1108). Dene tegese layang pribadi yaiku sawijine wujud sarana komunikasi tulis kang dilakokake dening sawijine indhividhu marang liyan minangka wujud sesulih dhiri kang nduweni tujuwan *kelembagaan/kedinasan/resmi* (Trianto, 2007:58). Saengga bisa dititiki yen layang pribadi iku sipate ora kaiket dening paugeran panulisan kayadene layang resmi. Senajan nduweni sipat ora resmi layang pribadi nduweni paugeran dhewe gumantung panampane kanthi migatekake tatanan basa kang dianggo.

### Struktur Teks Layang Pribadi

Sawijine layang nduweni strukur kang ngewangun lan bisa dadi sawijine paugeran. Struktur layangmiturut Windarti (sajrone Kirtyaku Basa Kanggo SMP/MTs Kelas VIII, 2015:94) bisa diperang dadi wolu, yaiku:

- (1) Papan lan titi mangsa : panggonan, tanggal nalika layang ditulis.
- (2) Adangiyah (adawiyah): nyethakake unggah-unggughe panulis layang marang panampa layang.
- (3) Pambuka : isi warta ngenani pangarep-arep supaya panampa layang uga slamet kayadene panulis layang.
- (4) Swara basa/isine layang: nyethakake ngenani apa wae kang prelu diwartakake.
- (5) Wasana basa/panutup layang: panjaluk utawa panjurung kang gandheng klawan isine layang.
- (6) Paprenah: nyethakake sesambungan antarane panulis layang klawan panampa layang.
- (7) Tapak asma: tandha tangan panulis layang.
- (8) Asma terang: jeneng cetha panulis layang.

### METODHE PANLITEN

#### Rancangan Panliten

Panliten iki nggunakake panliten eksperimen (*experimen research*). Panliten eksperimen yaiku sawijine cara kanggo nggoleki sesambungan sebab akibat antarane rong faktor kang sengaja dituwuhake dening panliti kanthi cara ngurangi utawa nguwang faktor-faktor liya kang ngganggu (Arikunto, 2010:9).

#### Dhesain Panliten

Panliten iki nggunakake jinis dhesain panliten yaiku *True Experimental Design*, yaiku jinis eksperimen kang dianggep apik jalaran wis nyukupi sarat.

E	:	0 <sub>1</sub>	X	0 <sub>2</sub>
K	:	0 <sub>3</sub>		0 <sub>4</sub>

Katrangan:

E : kelas eksperimen

K : kelas kontrol

X : treatment arupa panganggone medhia

O<sub>1</sub> : kelas eksperimen sadurunge diwenahi tumindak

O<sub>2</sub> : bedane biji antarane klompok eksperimen sawise diwenahi tumindak

O<sub>3</sub> : kelas kontrol sadurunge piwulangan

O<sub>4</sub> : biji klompok kontrol sawise piwulangan tanpa diwenahi tumindak  
(Arikunto,2010:126)

**Variabel Panliten**

Variabel kang mangaribawani panliten diarani variabel bebas utawa *independent variabel (X)*, dene variabel akibat diarani variabel ora bebas variabel gumantung, variabel kaiket utawa *dependent variable (Y)*. Saka panliten iki *media flash* minangka variabel bebas (X) lan katrampilan nulis layang pribadi minangka variabel kaiket (Y).

**Populasi**

Sajrone panliten iki nggunakake populasi siswa kelas VIII SMP Negeri 3 Sidoarjo kang cacahane ana 9 kelas lan sekabehane ana 328 siswa wiwit kelas VIII A nganti VIII I. Sekabehane cacah kelas kasebut ora ateges dienggo sajrone panliten nanging mung nggunakake 2 kelas minangka sesuluh saka sekabehane kelas kasebut.

**Sampel**

Sampel panliten iki yaiku kelas VIII C lan kelas VIII G minangka asil saka *random sampling* kang wis ditindakake kanthi tetimbangan karakteristik.

**Instrumen Panliten**

Instrumen panliten yaiku sawijine sarana kang digunakake kanggo ngukur fenomena alam utawa sosial kang diamati. Kanthi *spesifik* sekabehane fenomena kasebut diarani *variable* panliten (Sugiyono, 2014:102).

Sajrone panliten iiki nggunakake instrumen RPP (*Rencana Pelaksanaan Pembelajaran*), tes, angket, lan observasi.

**Lembar Angket**

No.	Aspek	Skala Penilaian				
		SB (5)	S (4)	KS (3)	OS (2)	OSB (1)
1.	Sinau kanthi nggunakake <i>media flash</i> sajrone piwulangan nulis layang pribadi minangka bab anyar tumrap siswa.					
2.	<i>Media flash</i> minangka medhia piwulangan nulis layang pribadi kang nengsemake.					
3.	<i>Media flash</i> menehi siswa pituduh supaya nulis layang pribadi bisa luwih gampang.					
4.	<i>Media flash</i> nuwuhake minat lan motivasi siswa sajrone piwulangan nulis layang pribadi.					
5.	<i>Media flash</i> bisa ditrapake sajrone piwulangan nulis layang pribadi.					
6.	Nalika piwulangan lumaku, swasana sinau nengsemake.					
7.	Guru nerangake materi kanthi cetha lan nengsemake.					
8.	<i>Media flash</i> bisa menehi owah-owahan kang becik tumrap katrampilan nulis layang pribadi.					
9.	Siswa saya semangat nalika nggunakake <i>media flash</i> sajrone piwulangan nulis layang pribadi.					
10.	Siswa bisa nggarap soal saka asil nulis layang pribadi kanthi tuladha kang dipresentasekake nggunakake <i>media flash</i>					

**Katrangan:**

SB (5) = Sarujuk Banget; S (4) = Sarujuk; KS (3) = Kurang Sarujuk; OS (2) = Ora Sarujuk; OSB (1) = Ora Sarujuk Banget

**Tata Cara Ngumpulake Dhata**

Tata cara kang dienggo sajrone nglumpukake dhata sarone panliten iki yaiku tata cara tes, tata cara angket, lan tata cara observasi.

**Tata Cara Analisis Dhata**

Tata cara analisis dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku *t-test* rong sampel, amarga bakal nguji signifikasi rong sampel. Analisis dhata miturut Arikunto (2010:278) langkah-langkah ngolah dhata bisa diperang dadi telu, yaiku *persiapan*, tabulasi, pangetrapan kang slaras klawan pamarekan panliten kang dienggo.

**Nemtokake KKM**

Ing SMP Negeri 3 Sidoarjo nemtokake KKM mata pelajaran basa Jawa kanthi biji 78, lan siswa dianggep lulus utawa bisa nuntasake materi pamulangan yen wis oleh biji kasebut. Cara ngitung biji, yaiku:

$$\frac{\text{cacahé skor asil}}{\text{cacahé skor sakabehane}} \times 100$$

**Nemtokake Reliabilitas Instrumen**

Kanggo nemtokake reliabilitas instrumen ing panliten iki nggunakake rumus K-R. 21 kanggo nganalisis dhata. Rumus K-R 21 dipilih lan digunakake amarga nggunakake *pretest* lan *posttest* kanthi wujud essay. Kanggo ngitung uji reliabilitas instrumen nggunakake rumus K-R. 2, yaiku:

$$r_{11} = \left(\frac{k}{k-1}\right) \left(1 - \frac{\sum v^2}{vt^2}\right)$$

(Arikunto, 2010:239)

Katrangan:

- $r_{11}$  = reliabilitas instrumen
- $k$  = cacahé soal
- $\sum vt$  = cacahé varian butir
- $vt^2$  = varian total

**Analisis Asil Eksperimen**

Kanggo nganalisis dhata-dhata tes kang wis diklumpukake yaiku asile panliten eksperimen kang nggunakake panliten eksperimen nggunakake *pretest* lan *posttest one group* (dhesain 2), kanthi rumus t-tes:

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{N(N-1)}}}$$

(Arikunto, 2010:349)

Katrangan:

- $Md$  = mean saka bedane *pretest* lan *posttest*
- $xd$  = deviasi saben subjek (d-Md)
- $\sum x^2 d$  = cacahé kuadrat deviasi

$N$  = subjek sampel

d.b = ditemtokake kanthi N-1

**Nemtokake t-tes Signifikasi**

Sawise nganalisis dhata-dhata asil eksperimen kang dibutuhake, dhata kasebut banjur diolah maneh kanggo mangsuli underane panliten. Banjur mbandhingake kaloro *mean*. Rumus kang digunakake kanggo mbandhingake, yaiku:

$$t = \frac{|Mx - My|}{\sqrt{\left(\frac{\sum x^2 + \sum y^2}{N_x + N_y - 2}\right) \left(\frac{1}{N_x} + \frac{1}{N_y}\right)}}$$

(Arikunto, 2010:354)

Katrangan:

- $M$  = biji rata-rata saben klompok
- $N$  = akehe subjek
- $x$  = deviasi saben biji  $x_2$  lan  $x_1$
- $y$  = deviasi saben biji  $y_2$  saka *mean*  $y_1$

**Nguji Hipotesis**

Tata cara nguji hipotesis bedane *mean* yaiku:

1) Ngrumusake hipotesis

$H_0$  = asil pamulangan ing kelas eksperimen lan kelas kontrol ora *signifikan*

$H_1$  = asil pamulangan ing kelas eksperimen lan kelas kontrol *signifikan*

2) Nemtokake taraf kapercayan 95% utawa taraf *signifikasi* 5% ( $\alpha = 0,05$ ), saka db klompok eksperimen (33-1) lan db klompok kontrol (31-1). Mula bisa diitung db  $64-2 = 62$ ,  $t_{tabel} = 1,66980$  banjur didadekake *kriteria* ditampa apa ora hipotesis kasebut.

3) Nemtokake kriteria ditampa apa ora hipotesis ing paliten, yaiku:

$H_0$  ditampa =  $H_1$  ditolak, yen  $t_{itung} < t_{tabel}$

$H_0$  ditolak =  $H_1$  ditampa, yen  $t_{itung} > t_{tabel}$

**Analisis Dhata Angket**

Dhata saka angket mujudake dhata kang nyengkuyung asil tes kang wis ditindakake. Sajrone angket nggunakake limang pilihan wangsulan SB = Sarujuk Banget kanthi poin 5, S = Sarujuk kanthi poin 4, KS = Kurang Sarujuk kanthi poin 3, OS = Ora Sarujuk kanthi poin 2, OSB = Ora Sarujuk Banget kanthi poin 1. Mula kanggo nganalisis asil angket nggunakake rumus:

$$\frac{\text{cacahé wangsulan}}{\text{cacahé responden}} \times \text{biji kolom}$$

(Arikunto, 2010:21)

**PRATELAN ASILE PANLITEN**

**Andharan Analisis Pangaribawane Media Flash Tumrap Katrampilan Nulis Layang Pribadi Panliten 1**

Pangaribawane *media flash* iki bakal diandharake kanthi nggunakake rumus *t-test signifikansi*. Langkah-langkah ngitung asil *t-test signifikansi* bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

a. Ngrumusake hipotesis

$H_0$  = *media flash* ora nduweni pambada kang signifikan tumrap katrampilan nulis layang pribadi siswa klas VIII SMP Negeri 3 Sidoarjo.

$H_1$  = *media flash* nduweni pambada kang signifikan tumrap katrampilan nulis layang pribadi siswa klas VIII SMP Negeri 3 Sidoarjo.

b. Nemtokake taraf kepercayaan 95% utawa taraf signifikansi 5% ( $\alpha = 0,05$ ), saka klas kontrol lan klas eksperimen kanthi  $db = (N-2)$  utawa  $db = (64-2) = 62$  nuduhake  $t_{tabel} = 1,66980$  banjur didadekake kriteria hipotesis.

c. Nemtokake kriteria ditampa utawa orane hipotesis panliten:

$H_0$  = yen  $t_{itung}$  luwih endhek tinimbang  $t_{tabel}$

$H_1$  = yen  $t_{itung}$  luwih dhuwur tinimbang  $t_{tabel}$

d. Tabel pangaribawane *media flash* tumrap katrampilan nulis layang pribadi bisa dideleng ing tabel 4.35

**Tabel 4.35**

**Analisis Efektivitas Pambiji Pamulangan Klas Kontrol lan Klas Eksperimen**

(Panliten 1)

Klas Kontrol					Klas Eksperimen				
N o.	Pre-test (X1)	Post-test (X2)	Bed a (X)	X <sup>2</sup>	N o.	Pre-test (Y1)	Post-test (Y2)	Bed a (Y)	Y <sup>2</sup>
1.	62	70	8	64	1.	68	84	16	256
2.	0	0	0	0	2.	70	82	12	144
3.	68	60	-8	64	3.	78	80	2	4
4.	0	0	0	0	4.	70	76	6	36
5.	62	72	10	100	5.	70	80	16	256
6.	72	64	-8	64	6.	70	80	12	144
7.	60	70	10	100	7.	82	80	-4	16
8.	0	0	0	0	8.	66	70	8	64
9.	66	72	6	36	9.	76	78	2	4
10.	78	70	-8	64	10.	78	82	4	16



*Pangaribawane Media Flash Tumrap Katrampilan Nulis Layang Pribadi Siswa Klas VIII  
SMP Negeri 3 Sidoarjo Taun Piwulangan 2015/2016*

1.1.	78	62	-16	2.5.6	1.1.	68	78	14	1.9.6
1.2.	60	78	18	3.2.4	1.2.	70	82	12	1.4.4
1.3.	0	0	0	0	1.3.	68	76	8	6.4
1.4.	66	66	0	0	1.4.	66	76	12	1.4.4
1.5.	64	70	6	3.6	1.5.	74	84	12	1.4.4
1.6.	66	66	0	0	1.6.	84	78	-4	1.6
1.7.	70	56	-14	1.9.6	1.7.	72	84	12	1.4.4
1.8.	66	60	-6	3.6	1.8.	66	72	8	6.4
1.9.	76	84	8	6.4	1.9.	68	68	0	0
2.0.	66	70	4	1.6	2.0.	68	74	4	1.6
2.1.	70	70	0	0	2.1.	74	84	12	1.4.4
2.2.	68	84	16	2.5.6	2.2.	66	72	6	3.6
2.3.	64	70	6	3.6	2.3.	78	82	4	1.6
2.4.	56	68	12	1.4.4	2.4.	80	76	-6	3.6
2.5.	70	74	8	6.4	2.5.	68	66	-2	4

2.6.	62	70	6	3.6	2.6.	70	82	14	1.9.6
2.7.	70	78	8	6.4	2.7.	74	84	10	1.0.0
2.8.	74	58	-16	2.5.6	2.8.	72	82	14	1.9.6
2.9.	0	0	0	0	2.9.	76	76	0	0
3.0.	62	74	12	1.4.4	3.0.	72	78	12	1.4.4
3.1.	54	70	16	2.5.6	3.1.	74	80	10	1.0.0
					3.2.	76	76	0	0
					3.3.	70	80	14	1.9.6
Σ	1730	1806	78	608	Σ	2382	2582	240	3040

Kanggo ngerteni pangaribawane tindakan kang wis ditrapake sajrone panliten digunakake rumus t-tes *signifikansi*. Mula kanggo ngitung t-tes *signifikansi*, yaiku:

d. Ngitung  $\sum X^2$

$$M_x = \frac{\sum x}{N}$$

$$= \frac{78}{31}$$

$$= 2,51$$

$$\sum X^2 = \sum X^2 - \left( \frac{\sum x^2}{N} \right)$$

$$= 6084 - \left( \frac{78^2}{31} \right)$$

$$\begin{aligned}
 &= 6084 - \left(\frac{6084}{31}\right) \\
 &= 6084 - 196,25 \\
 &= 5887,75
 \end{aligned}$$

e. Ngitung  $\sum Y^2$

$$\begin{aligned}
 M_y &= \frac{\sum y}{N} \\
 &= \frac{240}{33} \\
 &= 7,27
 \end{aligned}$$

$$\begin{aligned}
 \sum Y^2 &= \sum Y^2 - \left(\frac{\sum y^2}{N}\right) \\
 &= 3040 - \left(\frac{240^2}{33}\right) \\
 &= 3040 - \left(\frac{57600}{33}\right) \\
 &= 3040 - 1745,45 \\
 &= 1294,55
 \end{aligned}$$

f. Ngitung *t*-tes *signifikansi*

$$\begin{aligned}
 t &= \frac{|M_x - M_y|}{\sqrt{\left(\frac{\sum x^2 + \sum y^2}{N_x + N_y - 2}\right) \left(\frac{1}{N_x} + \frac{1}{N_y}\right)}} \\
 &= \frac{|2,51 - 7,27|}{\sqrt{\left(\frac{5887,75 + 1294,55}{31 + 33 - 2}\right) \left(\frac{1}{31} + \frac{1}{33}\right)}} \\
 &= \frac{|-4,76|}{\sqrt{\left(\frac{7182,3}{62}\right) \left(\frac{64}{1023}\right)}} \\
 &= \frac{|4,76|}{\sqrt{(115,84)(0,062)}} \\
 &= \frac{|4,76|}{\sqrt{7,18}} \\
 &= \frac{4,76}{2,67} \\
 &= 1,78277
 \end{aligned}$$

Adhedhasar asil panliten 1 ing klas kontrol lan klas eksperimen ngasilake  $t_{itung} = 1,78277 > t_{tabel} = 1,66980$ . Saka asil kasebut nuduhake yen asil  $t_{itung} > t_{tabel}$  utawa *t*-tes *signifikansi* luwih dhuwur tinimbang tabel. Mula

saka iku bisa didudut yen  $H_0$  ditolak lan  $H_1$  ditampa, ateges asil panliten 1 ing klas kontrol lan klas eksperimen kagolong *signifikan*, lan *media flash* nduweni pangaribawa tumrap katrampilan nulis layang pribadi klas VIII SMP Negeri 3 Sidoarjo.

### **Andharan Analisis Pangaribawane Media Flash Tumrap Katrampilan Nulis Layang Pribadi Panliten 2**

Pangaribawane *media flash* iki bakal diandharake kanthi nggunakake rumus *t*-tes *signifikansi*. Langkah-langkah ngitung asil *t*-tes *signifikansi* bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

a. Ngrumusake hipotesis

$H_0$  = *media flash* ora nduweni pambada kang *signifikan* tumrap katrampilan nulis layang pribadi siswa klas VIII SMP Negeri 3 Sidoarjo.

$H_1$  = *media flash* nduweni pambada kang *signifikan* tumrap katrampilan nulis layang pribadi siswa klas VIII SMP Negeri 3 Sidoarjo.

b. Nemtokake taraf kepercayaan 95% utawa taraf *signifikansi* 5% ( $\alpha = 0,05$ ), saka klas kontrol lan klas eksperimen kanthi  $db = (N-2)$  utawa  $db = (64-2) = 62$  nuduhake  $t_{tabel} = 1,66980$  banjur didadekake kriteria hipotesis.

c. Nemtokake kriteria ditampa utawa orane hipotesis panliten:

$H_0$  = yen  $t_{itung}$  luwih endhek tinimbang  $t_{tabel}$

$H_1$  = yen  $t_{itung}$  luwih dhuwur tinimbang  $t_{tabel}$

d. Tabel pangaribawane *media flash* tumrap katrampilan nulis layang pribadi bisa dideleng ing tabel 4.36.

**Tabel 4.36**

### **Analisis Efektivitas Pambiji Pamulangan**

#### **Klas Kontrol lan Klas Eksperimen**

**(Panliten 2)**

*Pangaribawane Media Flash Tumrap Katrampilan Nulis Layang Pribadi Siswa Klas VIII  
SMP Negeri 3 Sidoarjo Taun Piwulangan 2015/2016*

Klas Kontrol					Klas Eksperimen				
N o.	Pre-test (X1)	Post-test (X2)	Bed a (X)	X <sup>2</sup>	N o.	Pre-test (Y1)	Post-test (Y2)	Bed a (Y)	Y <sup>2</sup>
1.	74	66	-8	64	1.	78	94	16	256
2.	0	0	0	0	2.	76	86	10	100
3.	76	76	0	0	3.	74	86	12	144
4.	62	72	10	100	4.	72	76	4	16
5.	72	64	-8	64	5.	68	82	14	196
6.	78	88	10	100	6.	82	92	10	100
7.	64	72	8	64	7.	80	80	0	0
8.	74	78	4	16	8.	72	82	10	100
9.	80	68	-12	144	9.	78	68	-10	100
10.	74	76	2	4	10.	86	88	4	16
11.	78	80	2	4	11.	80	92	12	144
12.	72	78	6	36	12.	78	86	8	64

13.	0	0	0	0	13.	70	80	10	100
14.	74	60	-14	196	14.	74	72	-2	4
15.	68	74	6	36	15.	74	88	14	196
16.	66	72	6	36	16.	78	94	16	256
17.	72	74	2	4	17.	90	82	-8	64
18.	64	68	4	16	18.	62	76	14	196
19.	78	80	-10	100	19.	68	84	16	256
20.	70	74	4	16	20.	82	78	-4	16
21.	66	70	4	16	21.	82	92	10	100
22.	78	80	2	4	22.	68	82	14	196
23.	60	70	10	100	23.	74	80	6	36
24.	76	84	8	64	24.	78	86	8	64
25.	78	82	4	16	25.	0	0	0	0
26.	76	66	-10	100	26.	68	80	12	144

2 7.	64	80	16	2 5 6	2 7.	78	86	8	6 4
2 8.	78	80	2	4	2 8.	76	84	8	6 4
2 9.	76	80	4	1 6	2 9.	76	92	16	2 5 6
3 0.	64	70	6	3 6	3 0.	0	0	0	0
3 1.	0	0	0	0	3 1.	72	88	16	2 5 6
					3 2.	72	82	10	1 0 0
					3 3.	74	74	0	0
Σ	201 2	208 2	58	1 6 1 2	Σ	234 0	259 2	254	3 6 0 4

Kanggo ngerteni pangaribawane tindakan kang wis ditrapake sajrone panliten digunakake rumus t-tes *signifikansi*. Mula kanggo ngitung t-tes *signifikansi*, yaiku:

d. Ngitung  $\sum X^2$

$$\begin{aligned} Mx &= \frac{\sum x}{N} \\ &= \frac{58}{31} \\ &= 1,87 \end{aligned}$$

$$\begin{aligned} \sum X^2 &= \sum X^2 - \left(\frac{\sum x^2}{N}\right) \\ &= 1612 - \left(\frac{58^2}{31}\right) \\ &= 1612 - \left(\frac{3364}{31}\right) \end{aligned}$$

$$= 1612 - 108,51$$

$$= 1503,49$$

e. Ngitung  $\sum Y^2$

$$\begin{aligned} My &= \frac{\sum y}{N} \\ &= \frac{254}{33} \\ &= 7,69 \end{aligned}$$

$$\begin{aligned} \sum Y^2 &= \sum Y^2 - \left(\frac{\sum y^2}{N}\right) \\ &= 3604 - \left(\frac{254^2}{33}\right) \\ &= 3604 - \left(\frac{64516}{33}\right) \\ &= 3604 - 1955,03 \\ &= 1648,97 \end{aligned}$$

f. Ngitung t-tes *signifikansi*

$$\begin{aligned} t &= \frac{|Mx - My|}{\sqrt{\left(\frac{\sum x^2 + \sum y^2}{N_x + N_y - 2}\right) \left(\frac{1}{N_x} + \frac{1}{N_y}\right)}} \\ &= \frac{|1,87 - 7,69|}{\sqrt{\left(\frac{1503,49 + 1648,97}{31 + 33 - 2}\right) \left(\frac{1}{31} + \frac{1}{33}\right)}} \\ &= \frac{|5,82|}{\sqrt{\left(\frac{3152,46}{62}\right) \left(\frac{64}{1023}\right)}} \\ &= \frac{|5,82|}{\sqrt{(50,84)(0,062)}} \\ &= \frac{|5,82|}{\sqrt{3,15}} \\ &= \frac{5,82}{1,77} \\ &= 3,288 \end{aligned}$$

Adhedhasar asil panliten 2 ing klas kontrol lan klas eksperimen ngasilake  $t_{itung} = 3,288 > t_{tabel} = 1,66980$ . Saka asil kasebut nuduhake yen asil  $t_{itung} > t_{tabel}$  utawa t-tes *signifikansi* luwih dhuwur tinimbang tabel. Mula saka iku bisa didudut yen  $H_0$  ditolak lan  $H_1$  ditampa, ateges asil panlite 2 ing klas kontrol lan klas eksperimen kagolong *signifikan*, lan *media flash*

nduweni pangaribawa tumrap katrampilan nulis layang pribadi kelas VIII SMP Negeri 3 Sidoarjo.

## PANUTUP

- 1) Asil Panliten 1: asil *efektivitas* piwulangan panliten 1 klas kontrol lan klas eksperimen ngasilake  $t_{itung} = 1,78277 > t_{tabel} = 1,66980$  ( $0,05$  db = 64). Adhedhasar asil kasebut bisa diweruhi yen ana pambeda kang *signifikan* antarane piwulangan ing klas kontrol kang ora nggunakake *media flash* lan klas eksperimen kang nggunakake *media flash*. Bab kasebut negesake yen  $H_0$  ditolak lan  $H_1$  ditampa.
- 2) Asil Panliten 2: asil *efektivitas* piwulangan panliten 1 klas kontrol lan klas eksperimen ngasilake  $t_{itung} = 3,288 > t_{tabel} = 1,66980$  ( $0,05$  db = 64). Adhedhasar asil kasebut bisa diweruhi yen ana pambeda kang *signifikan* antarane piwulangan ing klas kontrol kang ora nggunakake *media flash* lan klas eksperimen kang nggunakake *media flash*. Bab kasebut negesake yen  $H_0$  ditolak lan  $H_1$  ditampa.
- 3) *Media flash* nduweni pangaribawa tumrap katrampilan siswa nulis layang pribadi kelas VIII. Ana pambeda kang *signifikan* asil pasinaon siswa sadurunge ditrepake *media flash* lan sawise *media flash* ditrepake. Saengga bisa didudut yen *media flash* nduweni pangaribawa tumrap katrampilan siswa nulis layang pribadi.
- 4) Asil angket *respon* siswa ing klas eksperimen nuduhake yen 59,69% siswa klas eksperimen sarujuk utawa rumangsa luwih seneng lan luwih gampang anggane nggarap soal nalika nggunakake *media flash* sajrone pros pamulangan. Presentase 34,24 siswa klas eksperimen sarujuk banget yen *media flash* kang ditrepake sajrone pamulangan nulis layang pribadi bisa nuwuhake semangat kaggo nyinaoni materi kang diwulangake.

## Pamrayoga

Panliten pangaribawae *media flash* tumrap katrampilan nulis layang pribadi siswa kelas VIII SMP Negeri 3 Sidoarjo taun ajaran 2015/2016 iki diajab bisa menahi pambiyantu kanggo panliten klas sabanjure. Panliti aggone nggarap panliten iki antuk pambiyantu lan sumbang surung saka dhosen pembimbing skripsi, guru pamong, lan kanca-kanca sejawat. Panliten kanthi judhul “Pangaribawane *Media Flash* Tumrap Katrampilan Nulis Layang

Pribadi Siswa Klas VIII SMP Negeri 3 Sidoarjo Taun Piwulangan 2015/2016” iki isih adoh saka tembung sampurna, jalaran isih ana saperangan materi kang dirasa siswa kurang narik wigatine lan kurang *aktif* sajrone pamulangan. Mula panliti nyuwun pangapura yen ana salah lan kurang anggane nyusun asil panliten iki. Kanthi ndeleng panliteni iki, panliti ngajab supaya panliten *pembelajaran* sabanjure bisa luwih *inovatif* lan *variatif*.

Kanggo panliten pembelajaran kang sabanjure, sajrone piwulangan basa Jawa pendhidhik utawa guru minangka *fasilitator* kang nduweni maneka warna sumber piwulangan lan panemu anyar sajrone mulangake materi pamulangan kanggo siswa. Supaya siswa bisa antuk *informasi* anyar tumrap piwulangane saengga bisa *aktif* sajrone proses piwulangan kanthi panyengkuyung asil inovasine guru kayata metodhe, teknik, modhel, lan medhia pamulangan kang bisa nggundakake katrampilan siswa sajrone piwulangan. Ing panliten sabanjure, panliti ngajab supaya bisa luwih apik lan bisa nuwuhake sarana piwulangan kang luwih *kreatif* lan *inovatif*.

## KAPUSTAKAN

Agus, Rianto. 2007. *Bahasa Indonesia Untuk SMP dan MTs Kelas VII*. Jakarta: Esis.

Arifin, Syamsir. 1987. *Pedoman Penulisan Surat Menyurat Indonesia*. Padang: Penerbit Angkasara Raya Padang.

Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.

Arsyad, Azhar. 2009. *Media Pembelajaran*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.

Basir, Udjang Pr.M. 2010. *Bahan Ajar Keterampilan Menulis: Dasar Ilmiah dalam Tulisan Latin dan Jawa (Pangantar Teori dan Praktik)*. Universitas Negeri Surabaya: Fakultas Bahasa dan Seni.

Dalman. 2014. *Keterampilan Menulis*. Jakarta: PT. Rajagrafindo Persada.

Dhanta, Jaya. 2007. *Panduan Lengkap Menggunakan Adobe Flash CS 4*. Surabaya: Indah.

Effendi, Syamsul. 1998. *Surat Menyurat Sederhana*. Surabaya: Karya Anda

KBBI. 2005. Edisi Tiga Jakarta: Balai Pustaka.

Komaidi, Didik. 2008. *Aku Bisa Menulis*. Yogyakarta: Sabda Media

Musfiqon. 2012. *Pengembangan Media & Sumber Pembelajaran*. Jakarta: PT. Prestasi Pustakaraya.

Sudjana, Nana. 2004. *Penilaian Hasil Belajar Mengajar*. Jakarta: PT. Remaja Rosdakarya

Sugiyono. 2013. *Metode Penelitian Pendidikan: Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung: ALFABETA.

Sukmadinata, Nana Syaodih. 2010. *Metode Penelitian Pendidikan*. Bandung. PT. Remaja Rosdakarya.

Suparno dan Muhammad Yunus. 2008. *Keterampilan Dasar Menulis*. Jakarta: Universitas Terbuka.

Tarigan, Henry Guntur. 2008. *Menulis Sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.

Taher. 2014. *Media yang Relevan dalam Pembelajaran Kurikulum 2013*. Medan: BDK Medan.

Tim Penyusun. 2014. *Buku Pedoman Penulisan Skripsi*. Surabaya: UNESA.

Windarti, Agus, dkk. 2015. *Kirtyaku Basa Kanggo SMP/MTs Kelas VIII*. Surabaya: Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Timur.